

Konsèy lè w ap itilize Dunks® (lavisid) kont Marengwen



Department
of Health

KISA DUNKS® YE? (Gade anbalaj pwodui a)

- Dunks® (lavisid) itilize yon kalite bakteri ki egziste nòmalman pou kontwole marengwen yo anvan yo vin kapab vole, mòde, pètèt adilt ki bay maladi.
- Dunks® pa itilize pwodui chimik pou kontwole marengwen yo.
- Yo efikas sou marengwen ak lav mouch nwa, epi yo rekòmande yo pou itilize nan madlo lakou oswa nan fontèn kote pwason, krapo, teta ak lòt bêt dlo ap viv.
- Etid yo montre gen iritasyon minimòm lè ou vale Dunks® oswa lè li tonbe sou po ou. Poutèt sa, ou ta dwe evite sibstans ki nan Dunks® tonbe nan zye ou, epitou lave men ou apre ou manyen yo.




LÈ W AP ITILIZE LI

- Dunks® pi bon pou itilize nan New York State ant mwa avril ak septanm, lè marengwen yo aktif. Marengwen yo kale pi souvan nan tan ki pi cho.
- Dunks® efikas pandan apeprè 30 jou, poutèt sa li ka nesesè pou aplike li ankò.

KOTE AK FASON POU ITILIZE LI

- Ou ta dwe itilize Dunks®, ansanm avèk lòt lavisid yo SÈLMAN nan pwopriyete PA ou sou ti kote ki gen dlo ki nan resipyen epi ki PA KAPAB koule.
- Anvan ou itilize Dunks®, chèche kote ki gen dlo-dòmi, oswa kote ki kenbe dlo apre lapli nan pwopriyete ou. Kote sa yo se kote marengwen tankou sa ki rele *Aedes albopictus* ka ponn ze yo.
- Si li posib, pa kite kote sa yo kenbe dlo: vide yo epi chavire bokit yo, po flè ou pa itilize, kannòt ak bouwèt yo. Netwaye kanivo ki bouche pou dlo a koule san pwoblèm ladan yo. Mete bouchon yo sou deyò poubèl yo.
- Lè ou trete zòn sa yo, ou kapab itilize Dunks® nan zòn ki kenbe dlo ou pa kapab ni retire ni koule. Kèk nan kote sa yo se kouvèti pisin, madlo dekorasyon ak barik ranmasaj dlo.



Poubèl ak pil fatra ki pa kouvri ap pran dlo. Marengwen yo kapab multipliyé ladan yo.

Kanivo ki bouche kapab kenbe dlo epi kreye yon kote pou marengwen multipliyé.

Madlo ak pisin ki mal antreteni kapab se kote pou marengwen multipliyé.

Jwèt, kawotchou ak zouti jaden, lè yo plen dlo, yo kapab bay kote pou marengwen multipliyé.

Netwaye dechè fèy, pa pase rato sou fèy yo ak sou dechè ki nan lakou a nan dlo tanpèt. Lè ou fè sa, sa ta ka anpeche dlo a koule epi kreye madlo kote marengwen yo kapab ponn ze yo.

Wobinè ki gen fuit dlo ap bay dlo kote marengwen kapab multipliyé.

Vid sanitè, ayerasyon nan galta ak griy ki kraze ap pèmèt marengwen antre lakay ou.

- Yon Dunk® kapab trete 100 pye kare dlo sifas (zòn ki mezire 10' x 10'). Sa egal a 8 benywa, oswa gwo sè yon espas pou pake vwati.
- Dunks® kapab epi li dwe kase si zòn ki bezwen tretman an mwen pase 100 pye kare. Tanpri li enstwiksyon ki nan etikèt la epi swiv yo.
- Dunks® flote, epi se yon bagay ki nòmal. Aksyon flote fonn dunk dousman, pou degaje bakteri yo.
- Dunks® ap kòmanse touye lav marengwen yo nan kèk èdtan; ou ta dwe kòmanse remake yon diferans nan apeprè 48 èdtan.
- Dunks® dire 30 jou. Li ka nesesè pou aplike li ankò pandan tout sezon marengwen an.*



LÒT AKSYON OU KAPAB FÈ

Marengwen yo kapab multipliye nan ti pòch dlo—ki piti menm jan ak yon bouchon boutè!

Pou diminye multiplikasyon marengwen yo nèt:

- Retire, chavire oswa vide dlo-dòmi ki nan tout resipyen yo.
- Chanje dlo pi souvan nan resipyen tankou basen zwazo.
- Ranpli twou ki nan rasin pyebwa yo oswa souch ki gen twou ki kapab kenbe dlo.
- Estoke bato yo tou kouvri oswa chavire fas anba.
- Redi twal plastik oswa twal bach ki kouvri resipyen lakou a sere pou dlo a pa akimile.
- Bouche oswa repare fant ki nan tank septik ki kase oswa ki pa bouche.

POU PLIS ENFÒMASYON

Liy enfòmasyon NYSDOH sou Zika: 1-888-364-4723

<http://www.health.ny.gov/zika>

www.cdc.gov/zika/

* Dunks oswa pwodui lavisid sanblab ki itilize bakteri *Bacillus thuringiensis israelensis* (BTI) disponib nan pifò magazen materyo konstrikson, kenkayri, magazen ki vann atik pou jaden, magazen pepinyè, ak magazen ki vann atik pou dlo nan lakou.